

# DIFERANS Ant Lekòl Segondè ak Kolèj pou Elèv ki genyen Andikap

## LEKÒL SEGONDÈ

## KOLÈJ

### Lwa ki Aplikab ak Dokiman ki Egzijib

Lwa sou Edikasyon Endividi ki genyen Andikap ( <i>IDEA</i> ann anglè)	Lwa 1990 pou Ameriken ki genyen Andikap ( <i>Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)</i> )
Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 ( <i>Rehabilitation Act of 1973</i> )	Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 ( <i>Rehabilitation Act of 1973</i> )
<i>IDEA</i> konsène <i>Siksè avèk sèvis ak akomodasyon</i> .	<i>ADA</i> konsène <i>Aksè ak akomodasyon</i> .
Sèvis yo baze sou Plan Edikasyon Endividyèl ( <i>IEP</i> ) ak/oswa Plan 504.	Plan IEP ak 504 nan Lekòl Segondè abityèlman pa sifizan pou detèminasyon akomodasyon.
Distri lekòl kapab konplete evalyasyon elèv nan PK-12 pou l detèmine elijiblite ak sèvis ki nesèsè pou Edikasyon Piblik Gratis epi Apwopriye ( <i>FAPE</i> ).	Elèv oblije jwenn evalyasyon ak pwòp kòb li. Dokimantasyon resan dwe founi enfòmasyon sou nati espesifik kondisyon an oswa andikap la, limitasyon nan fonksyonman, epi demontre bezwen pou akomodasyon espesifik.
Dokiman konsantre sou detèmine si wi ou non elèv la elijib pou sèvis baze sou kategori andikap espesifik nan <i>IDEA</i> .	Direktiv sou dokimantasyon espesifye enfòmasyon ki nesèsè pou chak kategori andikap. <a href="https://www.palmbeachstate.edu/disability/">https://www.palmbeachstate.edu/disability/</a>

### Defans Pèsonèl & Wòl Paran

Se Ekip Pedagojik lekòl la ki idantifye elèv la.	Elèv la dwe idantifye pwòp tèt li nan Biwo Sèvis pou Moun ki genyen Andikap.
Se lekòl la ki responsab an premye pou fè aranjman pou sèvis ak akomodasyon.	Defans pèsonèl ak fè aranjman pou akomodasyon se prensipalman elèv la ki genyen responsablite pou sa.
Pwofesè tabli kontak si yo panse yon elèv bezwen èd.	Pwofesè yo òdinèman konsilyan epi dispoze ede, men yo pi atann pou elèv la tabli kontak si li bezwen èd.
Paran an genyen aksè nan dosye elèv la epi li kapab patisipe nan pwosesis <i>IEP</i> oswa <i>504</i> jiskaske elèv la vin genyen 18 an epi li gendwa fè transfè lè li majè. Pou kèk elèv, se òdonans tribinal ki kapab tabli responsablite legal.	Paran an pa genyen aksè nan dosye elèv la san otorizasyon alekri elèv la.
Paran plede pou elèv la jiskaske elèv la aprann defann tèt li.	Elèv la dwe plede pou tèt li.

# DIFERANS Ant Lekòl Segondè ak Kolèj pou Elèv ki genyen Andikap

## LEKÒL SEGONDÈ

## KOLÈJ

### Enstriksyon: Nòt, Tès ak Atant pou Etid

Baze sou <i>IEP</i> aktyèl, elèv yo resevwa sèvis ak akomodasyon.	Pwofesè yo pa oblije modifiye konsepsyon kourikoulòm oswa chanje dat limit pou remèt devwa. Yo pa founi sèvis.
Kèk elèv kapab genyen modifikasyon nan kourikoulòm ak evalyasyon baze sou <i>IEP</i> yo.	Yo bay elèv yo yon bon kantite lekti ak disètasyon pou yo fè sou bagay yo petèt pa t diskite dirèkteman nan klas la.
Yo atann pou elèv yo li travay yo anjeneral diskite nan klas la.	Elèv yo dwe repase materyèl nòt yo pran nan klas la ak tèks yo regilyèman.
Plan <i>IEP</i> oswa <i>504</i> kapab enkli akomodasyon pou prezantasyon tès, orè, fason pou reponn, ekipman aparèy oksilyè, oswa anviwònman, baze sou <i>IEP</i> . Kèk elèv kapab genyen evalyasyon altènatif modifiye baze sou <i>IEP</i> .	Chanjman nan fason yo bay nòt ak fòm tès yo (tankou chwa miltip olye disètasyon) jeneralman pa disponib. <i>Fason yo bay tès yo</i> (tan ekstra, siveyan tès) se ajisteman akademik apwopriye lè genyen yon dokimantasyon sou andikap ki sipòte yo.
Yo bay anpil tès.	Tès yo abityèlman pa anpil epi yo kapab kimilatif, kote yo kouvri yon gwo kantite materyèl.
Tès ratrapaj souvan disponib.	Tès ratrapaj se raman yon opsyon epi sa egzije pèmisyon pwofesè a.
Souvan pwofesè pran tan yo pou raple w devwa ak dat limit pou remèt yo.	Pwofesè yo atann pou w li, konsève epi konsilte silabis (plan) la; silabis la dekri ekzakteman sa yo atann pou fè, kilè pou remèt li, ak kijan y ap korije li.
Sipò akademik ak èd nan etid kapab se yon sèvis yo founi ki fè pati yon <i>IEP</i> .	Leson patikilye PA tonbe anba sèvis pou moun ki andikape epi yo pa konsidere l kòm yon ajisteman oswa akomodasyon akademik. Elèv ki genyen andikap dwe chèche resous pou leson patikilye selon jan yo disponib pou tout elèv yo.
Se lòt moun ki estriktire tan ak devwa kèk elèv.	Elèv yo jere tan yo epi fè devwa yo poukont yo.
Kèk elèv kapab etidye andeyò klas la pandan 2 èdtan sèlman pa semèn.	Li nesesè pou elèv yo etidye omwen 2 a 3 èdtan andeyò klas pou chak èdtan yo te pase nan klas.

Adapted from PBSC DSS information and AHEAD Guidelines 2010  
SDPBC ESE Department (R: 4/15/19)